# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–04 अप्रैल 2024** **भोजपुरी समाचार**

मथुरा से तिसरकी बेरि लोकसभा ओम्मेदवार बनावल गइल भारतीय जनता पारटी क मौजूदा सांसद हेमा मालिनी के पक्ष में आजु भाजपा क सीनियर नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ मथुरा में जनसभा कइलें। येह दौरान उहां के कहलीं कि प्रधानमंत्री मोदी जवने विकसित भारत के संकल्पना के लोगिन के सामने रखले हवें, ऊ विकसित भारत बदे विकसित उत्तर प्रदेस अउर विकसित उत्तर प्रदेस बदे विकसित मथुरा क भइल बहुते जरूरी हौ। उहां के कहलीं कि अजोध्या अउर काशी के बादे अब मथुरा अउर वृन्दावन पर सरकार क पूरा धियान हवे। एहवां के विकास के गति के अउरियो तेज कइल जाई। ओहर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु दुपहरिया बादे अपने गृह जिला गोरखपुर के गोकुल अतिथि भवन में गोरखपुर, बांसगांव अउर संतकबीरनगर क चुनाव संचालन समितियन के साथे बइठकी कइलें। उहां के चुनाव क तइयारी के जंचले के सथहीं पारटी पदाधिकारियन के कई गो जरूरी दिसा–निरदेसो दिहलें। बइठकी में तिन्नो लोकसभा क्षेत्र क सांसद, विधायक, एमएलसी अउर पारटी पदाधिकारी मौजूद रहलें।

**********

लोकसभा चुनाव के दुसरका फेरा बदे आजु नामांकन क आखिरी दिन मथुरा से भारतीय जनता पारटी की ओरि से लगतारे तिसरकी बेरि ओम्मेदवार घोसित कइल गइल मौजूद सांसद हेमा मालिनी परचा भरलिनि। येह दौरान प्रदेस क कैबिनेट मंत्री स्वतंत्र देव सिंह, राज्यसभा सदस्य चौधरी तेजवीर सिंह अउर मथुरा क भाजपा जिलाध्यक्ष निर्भय पाण्डेय के सथहीं कई गो पदाधिकारी मौजूद रहलें। येह फेरा के सज्जो सीटिनि बदे दाखिल भइल परचन क बिहने जांचि होई। आठ अपरैल के ओम्मेदवार आपन नांव वापिस ले सके लें। छब्बीस अपरैल के ओट परी।

दुसरका फेरा के आठ सीटिनि में– अमरोहा, मेरठ, बागपत, गाजियाबाद, गौतम बुद्धनगर, बुलंदशहर, अलीगढ़ अउर मथुरा क नांव सामिल हौ।

**********

समाजवादी पारटी मेरठ में तिसरकी बेरि ओम्मेदवार बदलि दिहले हवे। अब अतुल प्रधान के जगहि पूर्व मेयर सुनीता वर्मा के पारटी आपन लोकसभा ओम्मेदवार घोसित कइले हवे। सुनीता आजु आपन परचो भरि देहलिनि। सपा के ओरि से दुसरकी बेरि ओम्मेदवार घोसित कइल गइल अतुल प्रधान कल्हियें आपन परचा भरि दिहले रहलें।

**********

प्रदेस में लोकसभा चुनाव क पहिला फेरा बदे ओन्नइस अपरैल के होखे वाला मतदान के ले के सम्बन्धित जिलन में तइयारी जोरिया गइल हौ। येही क्रम में पीलीभीत जिला में दिव्यांग अउर पचासी बरिस से बेसी क बुजुरूग मतदाता लोगिन के ओट डरले क कार बिहने से सुरू हो जाई, जवन आठ अपरैल ले चलत रही। निर्वाचन आयोग की ओरि से दिव्यांग अउर पचासी बरिस से बेसी बुजुरूग मतदाता लोगिन के घरहीं से ओट डरले क सुविधा दीहल गइल हौ। ऊ पोस्टल बैलेट से ओट डारि सकिहें। पीलीभीत क उप जिला निर्वाचन अधिकारी रीतू पुनिया बतउलिनि कि जिला क अइसन आठ सौ बीस मतदाता लोगिन के मतदान के ले के एक्कइस गो पोलिंग पारटी बनावल गइल हौ। एकरे निगरानी बदे अठारह गो सेक्टर मजिस्ट्रेटो तैनात कइल गइल हौ। हर पोलिंग पारटी के सथहीं माइक्रो प्रेक्षक, कैमरामैन अउर पुलिस करमियो मौजूद रहिहें। ई पोलिंग पारटी बिहने दिव्यांग अउर पचासी बरिस से बेसी उमिरि क बुजुरूग मतदाता लोगिन के घरे जइहें अउर पोस्टल बैलेट के जरिया से उनकर मतदान करवइहें। पहिला फेरा में प्रदेस क सहारनपुर, कैराना, मुजफ्फरनगर, बिजनौर, नगीना, मुरादाबाद, रामपुर अउर पीलीभीत सीटिनि बदे ओट परी।

**********

लोकसभा चुनाव के ले के भाजपा क सीनियर नेता अउर उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक आजु मऊ जिला क दौरा कइ के चुनाव तइयारियन क जनकारी लिहलें। उहां के संगठन के पदाधिकारियन, कार्यकरता अउर प्रबुद्धजन से जीति के रणनीति पर चरचा करत पुरहर तरीका से चुनाव में जुटि गइले क आवाहन कइलीं।

**********

राष्ट्रीय सोसित समाज पारटी क अध्यक्ष स्वामी प्रसाद मौर्य, उनकर बेटी अउर बदांयू से मौजूदा भाजपा सांसद संघमित्रा मौर्य के सथहीं पांच लोगिन के खिलाफ लखनऊ क एमपी–एमएलए अदालति गिरफ्तारी क वारंट जारी कइले हवे। ई कार्रवाई धोखाधड़ी, मारपीटि, जान से मरले क धमकी अउर साजिस के मामिला में भइल हवे। सांसद संघमित्रा मौर्य पर बिना तलाक लिहले धोखा से दीपक स्वर्णकार से बियाह कइले क आरोप हौ। मामिला में अदालति में हाजिर न भइले पर एमपी–एमएलए अदालति संघमित्रा के सथहीं स्वामी प्रसाद मौर्य, नीरज तिवारी, सूर्य प्रकाश शुक्ला अउर ऋतिक सिंह के खिलाफ वारंट जारी कइले हवे। मामिला क अगिला सुनवाई सोरह अपरैल के होई।

**********

निर्वाचन आयोग के निरदेस पर प्रदेस के कई गो जिलन में मतदाता लोगिन के ओट डारे खातिर जागरूक करे बदे कई गो जागरूकता कार्यक्रम क आयोजन कइल जा रहल हौ। मतदाता लोगिन के संकल्प दियवले के सथहीं रैली निकारि के उन्हें ओटे क महातमों बतावल जा रहल हौ। येही क्रम में आजु मिर्जापुर जिला में गंगा नदी में नारघाट से फतहाघाट ले वोट फॉर बोट नाइ रैली क आयोजन कइ के मतदाता लोगिन के जागरूक कइल गइल।

**********